Maladi menengokòk anvazif

Kesyon yo poze souvan

Ki sa maladi menengokòk anvazif la ye?

Maladi menengokòk la se yon maladi grav yon kalite bakteri (mikwòb) yo rele *Neisseria meningitidis* lakòz. Maladi a ka lakòz anflamasyon nan manbràn ki kouvri sèvo a ak mwèl epinyè a (menenjit menengokòk) ak/oswa yon enfeksyon grav nan san an (septisemi menengokòk). Maladi menengokòk ka vin mòtèl nan 48 èdtan oswa mwens. Menm avèk tretman, 10–15% moun ki enfekte yo ka mouri. Lòt moun ka gen konplikasyon alontèm tankou:

- Domaj nan sèvo
- Pwoblèm aprantisaj
- Pwoblèm pou tande
- Mak sou po
- Pèt bra ak/oswa janm

Ki moun ki pran maladi menengokòk?

Malgre maladi menengokòk ka afekte moun tout laj, tibebe, timoun ki poko adolesan, adolesan, ak jèn adilt yo gen to ki pi wo Ozetazini. Etidyan kolèj ak rekrit militè yo gen plis risk tou paske yo souvan ap viv nan kote ki gen anpil moun tankou dòtwa oswa kazèn. Moun ki gen sèten pwoblèm medikal oswa sistèm iminitè ki fèb, tankou moun ki gen larat yo domaje oswa yo retire l, gen plis risk tou.

Ki jan moun pran maladi menengokòk?

Bakteri yo gaye soti nan yon moun bay yon lòt atravè saliv (krache), tous, oswa etènye. Anjeneral, li nesesè pou gen kontak sere oswa pwolonje ak sekresyon yon moun ki enfekte pou ekspozisyon rive. Men kèk egzanp kontak sere:

- Bo
- Pataje bagay ki antre an kontak ak bouch la, tankou:
- Boutèy dlo
- Ustensil pou manje
- Sigarèt oswa aparèy vapotaj
- Bòm pou bouch oswa lòt pwodui kosmetik
- Viv nan menm kay la
- Dòmi nan menm rezidans lan oswa pandan vizit pou dòmi ansanm

Apeprè 1 sou 10 moun pote bakteri menengokòk nan nen yo oswa nan gòj yo san yo pa vin malad. Moun sa yo rele pòtè epi yo ka toujou gaye bakteri an bay lòt moun. Piske anpil moun pote bakteri an, pifò ka maladi menengokòk rive owaza epi yo pa gen lyen ak lòt ka.

Èske moun ki gen maladi menengokòk ka transmèt maladi a bay lòt moun?

Yon moun ki gen maladi menengokòk ka gaye bakteri an depi sèt jou anvan sentòm yo kòmanse jiska 24 èdtan apre li kòmanse pran antibyotik. Moun ki te gen kontak sere ak moun ki enfekte a pandan tan sa a ka gen plis risk pou yo devlope maladi a.

Moun ki te gen kontak sere yo ta dwe resevwa antibyotik pou ede anpeche enfeksyon, kèlkeswa estati vaksinasyon yo. Bakteri menengokòk yo pa gaye atravè kontak òdinè, tankou lè yon moun nan menm sal klas oswa menm kote travay ak yon moun ki enfekte. Bakteri sa yo tou mwens kontajye pase viris ki lakòz rim òdinè oswa grip.

Ki sentòm maladi menengokòk yo?

Sentòm yo ka gen ladan:

- Lafyèv ak frison
- Maltèt grav
- Kou rèd
- Kè plen ak vomisman
- Sansiblite ak limyè
- Respirasyon rapid
- Fatig
- Konfizyon
- Yon gratèl koulè vyolèt fonse (nan etap pita yo)

Kijan yo fè dyagnostike maladi menengokòk?

Yon pwofesyonèl swen sante dyagnostike maladi menengokòk lè li revize sentòm yo, fè yon egzamen fizik, epi teste echantiyon san ak likid epinyè.

Ki tretman pou maladi menengokòk?

Tretman an ta dwe kòmanse pi vit posib. Pifò moun ki gen maladi menengokòk entène lopital epi yo trete ak antibyotik. Li enpòtan pou fini tout tretman antibyotik la, menm si sentòm yo amelyore, sof si yon pwofesyonèl swen sante bay lòt enstriksyon. Selon gravite enfeksyon an, yo ka bezwen lòt tretman anplis, tankou sipò pou respire, medikaman pou trete tansyon ba, ak swen pou blesi pou po ki domaje.

Kijan yo ka anpeche maladi menengokòk?

Pi bon fason pou anpeche maladi menengokòk se atravè vaksinasyon. Twa kalite vaksen menengokòk disponib kounye a Ozetazini: MenACWY, MenB, and MenABCWY. Akademi Ameriken pou Pedyatri (AAP) ak Akademi Ameriken pou Doktè Fanmi (AAFP) rekòmande vaksinasyon MenACWY woutin pou:

- Tout preadolesan: 11–12 ane laj
- Tout adolesan: 16 ane laj (dòz rapèl)

Timoun ak granmoun ki gen gwo risk ka resevwa vaksen menengokòk tou.

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

- Founisè swen sante
- Depatman sante lokal yo: localhealth.nj.gov
- Depatman Sante NJ: nj.gov/health/cd
- Fondasyon Nasyonal pou Maladi Enfektye: nfid.org/infectious-disease/meningococcal/

Enfòmasyon sa a gen entansyon pou rezon edikatif sèlman epi yo pa gen entansyon ranplase konsiltasyon ak yon pwofesyonèl swen sante.